

Sondaj sou Kalifikasyon pou Sèvis Karyè

Tanpri reponn kesyon ki pi ba yo. Repons ou yo ap ede nou wè ki kategori sèvis karyè ou kalifye pou w resevwa. Enfòmasyon yo konfidansyèl epi n ap sèvi avè yo sèlman pou nou ka gade si w kalifye e pou n obeyi ak egzijans federal nan kesyon pou rapòte enfòmasyon yo.

Edikasyon

1. Nan ki pi gwo nivo edikasyon w te rive?

K-12: okenn 1ye ane 2yèm ane 3yèm ane 4yèm ane 5yèm ane 6yèm ane
 7yèm ane 8yèm ane 9yèm ane 10yèm ane 11yèm ane
 12yèm ane/Gradye nan segondè 12yèm ane/san diplòm
 Diplòm ki koresponn ak lekòl segondè (TASC, GED)

Aprè lekòl segondè (aprè segondè):

Segondè+1-ane/san diplòm
 Segondè+1-ane sètifika
 pwofesyonèl
 Segondè+1-ane Diplòm
 asosye
 Diplòm lisans

Segondè+2-ane/san diplòm
 Segondè+2-ane sètifika
 pwofesyonèl
 Segondè+2-ane Diplòm
 asosye
 Diplòm metriz

Segondè+3-ane/san diplòm
 Segondè+3-ane sètifika
 pwofesyonèl
 Segondè+3-ane Diplòm
 asosye
 Diplòm doktora

2. Èske w al lekòl nan moman an? Chwazi opsyon ki pi byen dekri sitiyasyon w.

Chwazi yon opsyon "ou lekòl nan moman an" si w ant peryòd nan lekòl ak fè plan pou w retounen lekòl.

(Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Ale lekòl, jiska 12yèm ane oswa ekivalan;

(Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Ale lekòl, lekòl segondè altènatif, oswa kou etid altènatif;

Ou nan lekòl apre segondè nan moman an (tankou lekòl komès apre segondè, fakilte, oswa inivèsite, elatriye.);

Ou pa lekòl nan moman an e w pa t gradye nan lekòl segondè (Chwazi opsyon sa a si w nan YouthBuild, Job Corps oswa Lekòl pou Granmoun);

Ou pa ale lekòl nan moman an e w te gentan resevwa yon diplòm segondè oswa ki koresponn avè l; oswa

(Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Ou pa lekòl nan moman an e nan yon kategori laj legal (14-16 lane pou pifò distri yo; 14-17 lane pou kèk).

3. (A) Èske w gen kèk difikilte pou l w pale, li, ekri, oswa konprann lang Anglè a? Wi Non

(B) Èske lang matènèl ou se yon lang ki pa Anglè, oswa èske w ap viv nan yon fanmi oswa kominote kote lang yo plis pale a se pa Anglè? Wi Non

4. Èske w panse (oswa lòt moun di) ou bezwen aprann konpetans debaz nan enfòmasyon, pou w li, oswa ekri pou ka rive byen chèche travay oswa travay byen nan travay ou gen pou w genyen an? Wi Non

Eksperyans Travay

5. Èske w ap travay nan moman an?

Anplwaye Ou anplwaye men w te resevwa yon avi ki di y ap revoke w.

P ap travay - dènye dat travay: ___ / ___ / ___ Pa aktivman ap travay

6. Èske w te janm pase 27 semèn san w p ap travay oswa plis tan youn dèyè lòt (san kanpe)?

Wi Non Pa t janm travay

Andikap

7. Èske w gen yon andikap? Wi Non Prefere pa reponn

Yon andikap vle di yon kondisyon ki fè l difisil pou w fè bagay ki enpòtan nan lavi a, swa nan domèn fizik oswa mantal.

(Si wi): Kijan w t ap dekri andikap ou a?

Pwoblèm sante fizik oswa k ap dire anpil tan

Andikap nan domèn aprantisaj

Andikap nan domèn entèlijans oswa entèlektyèl

Andikap ki gen rapò ak kapasite pou wè

Pwoblèm fizik oswa pou fè mouvman

Andikap mantal oswa sikyatrik

Andikap ki gen rapò ak kapasite pou tande

Kondisyon W ap Viv

8. (Moun ki gen Laj 14-24 lane sèlman) Èske w ansent oswa se yon paran? Wi Non

Si w se yon fi, ou konsidere antanke yon paran lè w ansent. Si w se yon gason, ou konsidere antanke yon paran lè pitit ou a fèt. Ou pa oblije gen gad pitit ou a pou yo konsidere w antanke paran.

9. Èske w se yon paran selibatè? Wi Non

Yon paran selibatè se yon paran ki pa marye, ki separe, ki divòse oswa yon moun ki pèdi konjwenn l ki gen youn oswa plis timoun ki gen mwens pase 18 lane sou kont li. Sa enkli tou fanm ansent ki selibatè.

10. Èske lakay ou pa ansekirite oswa l pa fyab? Wi Non

Chwazi wi si nenpòt nan sa ki annapre yo aplike pou ou:

a. Ou pa gen yon kay pou w dòmi ki fiks, yon kote pou w rete ki apwopriye;

Ou pataje lojman ak moun akòz ou pèdi lojman w, ou gen pwoblèm ekonomik oswa rezon kisanble ak sa;

b. Viv nan yon motèl, otèl, pak trelè oswa teren kan akòz yon mank de lòt opsyon ki apwopriye;

c. W ap viv nan yonabri pwovizwa pou ijans oswa pou moun fè tranzisyon;

d. Ou abandone nan yon lopital;

e. Prensipal kote ou dòmi se nan yon espas piblik oswa prive ki pa fèt pou sa oswa yo pa abitye itilize pou moun dòmi, tankou machin, plas piblik, batiman yo abandone, estasyon tren, ayewopò oswa sou teren yon kan;

f. (Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) ap tann pou yo mete yo nan yon fanmi akèy;

g. (Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Ou se yon timoun k ap deplase ki te oblije sot nan yon distri lekòl al nan yon lòt nan dènye 36 mwa ki sot pase yo akòz chanjman nan travay sezon paran w oswa konjwen paran w nan domèn agrikilti, pwodui lèt, oswa lapèch; oswa

h. (Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Ou gen mwens pase 18 lane epi w kite lakay ou (oswa kay ou devan lalwa) san otorizasyon fanmi w (sa vle di jèn ki sove).

11. (Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Èske w nan fanmi akèy oswa èske w te depase laj pou w nan fanmi akèy? Wi Non

"Depase laj fanmi akèy" vle di ou nan fanmi akèy men w pa la ankò pakse w rive nan yon sèten laj.

Legal

12. Èske w te enplike oswa w enplike nan moman an nan sistèm jistis penal oswa sistèm jistis pou minè paske w te vyole lalwa antanke yon minè oswa w te fè yon zak malonèt (pa egzanp, Petisyon pou Moun ki Bezwen Sipèvizyon (PINS) oswa jijman)? Wi Non
Yon zak malonèt se yon vyolasyon lalwa ki aplike espesyalman pou minè (pa egzanp, absans oswa bwè bwason san w pa gen laj pou sa). Delekans jivenil se lè yon minè vyole yon lwa kriminel.
13. Èske w bezwen èd pou w fè fas ak difikilte pou w jwenn yon travay paske yo te arete w oswa koupab nan pase? Wi Non

Revni ak Asistans Piblik

14. Èske revni fanmi w pi ba oswa egal ak (a) limit povrete a oswa (b) 70% nivo revni ki pi ba a?
Wi Non

***Anplwaye yo ap ede w reponn kesyon Anplwaye sa a: [Gade Tablo Revni](#)

Si w gen yon andikap, konte revni w sèlman, pa met revni fanmi w. Yon fanmi se de oswa twa moun ki soti nan menm san, ki vin fanmi akòz maryaj, oswa akòz yon dekrè tribinal, e sa gen ladan l: (a) koup marye ak timoun ki sou kont paran yo; (b) yon paran oswa responsab ak timoun ki sou kont yo; oswa (3) yon koup ki marye. Lè w ap kalkile revni, mete pèman yo resevwa nan Asirans Chomaj ak pansyon alimantè.

15. Èske w ou menm oswa nenpòt moun nan fanmi w resevwa Èd Leta? Wi Non

Tcheke tout sa ki aplikab yo: Anplwaye: [Gade tablo DEV](#) pou sous dokiman ki akseptab yo.

Èd ki soti nan Biwo Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen

(Temporary Assistance for Needy Families, TANF)..... Issued Date: ___ / ___ / ___

Fin pran tout TANF la nan espas dezan..... Issued Date: ___ / ___ / ___

Moun ki fin pran tout TANF la Issued Date: ___ / ___ / ___

SNAP (Koupon Manje) Issued Date: ___ / ___ / ___

SSI (Lòt Revni Leta Bay) Issued Date: ___ / ___ / ___

SSDI (Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap)..... Issued Date: ___ / ___ / ___

TA (Èd Tanporè, anvan l te rele GA) Issued Date: ___ / ___ / ___

RCA (Lajan Kach yo bay Refijye)..... Issued Date: ___ / ___ / ___

Pwoteksyon Sekirite/Soulajman nan Kay..... Issued Date: ___ / ___ / ___

Èd piblik eta oswa lokal ki baze sou revni (tankou WIC, HEAP, Child Health Plus, Section 8, Child Care Assistance, elt.). Issued Date: ___ / ___ / ___

16. (Moun ki gen Laj 14-24 lane Sèlman) Èske w kalifye pou w resevwa manje nan lekòl la gratis oswa ki paske w te demenaje akòz yon chanjman definitif nan pozisyon travay konjwen w lan? Wi Non

Sikonstans Espesyal

17. Si konjwen w se yon manm nan Lame Ameriken k ap sèvi nan momana an, e w pa t pèdi travay ou because you had to move due to a permanent change in your spouse's duty station? Wi Non

18. Èske w se yon moun k ap travay nan kay ki deplase kounye a? Wi Non

Yon moun ki se yon moun ki ret okipe kay k ap travay kounye a se yon moun ki (a) t ap bay moun nan kay la sèvis san l pa touche pou sa; epi (b) te depann de revni lòt manm nan fanmi an men revni sa pa ka reponn ak bezwen l ankò; oswa yon konjwen depandan yon manm nan Sèvis Lame Ameriken ki nan misyon e revni fanmi l diminye anpil akòz yon misyon, yon apèl oswa yon manda pou travay aktif, oswa lanmò oswa andikap yon manm; (c) li p ap travay oswa li pa travay jan sa ta dwe ye e l gen pwoblèm pou l jwenn oswa kenbe travay.

19. Èske w se yon MOUN K AP TRAVAY NAN JADEN, ki imigre oswa travay pa sezon? Wi Non
Tcheke tout sa ki aplikab yo:

Travayè sezonye nan jaden – Yon moun ki t ap travay oswa k ap travay nan moman an nan fèm ki ouvri pa sezon oswa tanporè nan 12 mwa ki sot pase yo e ki ka retounen kote kay yo ye prensipal. Sa pa gen ladan l moun ki pa imigran k ap etidye a tan plen. Travay sezonye se travay yo fè nan sezon byen presi; yon moun ka gen plizyè travay nan jaden pou sezon an pou yo ka anplwaye pandan pifò ane a e sa ap toujou konsidere kòm travay sezonye.

Travayè sezonye nan jaden – Yon moun ki t ap travay oswa k ap travay nan moman an nan fèm ki ouvri pa sezon oswa tanporè nan 12 mwa ki sot pase yo e yo vwayaje pou yo jwenn travay e ki ka retounen kote kay yo ye prensipal. Elèv a tan plen ki vwayaje nan gwoup ki òganize olye pou yo vwayaje olye pou se fanmi yo ki mennen yo pa nan kategori sa a.

Moun kap touche yon ti kras kòb yo oswa travayè ki pa byen touche oswa moun k ap travay nan elvaj pwason – se yon moun ki (a) ap touche yon ti kras lajan, ak (b) prensipal travay yo se nan agrikilti oswa lapèch kote ki gen move kondisyon travay depi lontan; (c) fè fas ak plizyè obstak pou rive atenn depandans nan domèn ekonomik.

(Moun ki gen 14-24 lane Sèlman) Travayè sezonye oswa imigran ki gen 14-24 lane.

(Moun ki gen 14-24 lane Sèlman) Moun k ap patisipe nan pwogram pou moun majè ak yon travayè nan jaden ki sou kont paran l ki migre oswa k ap travay pa sezon.

20. Èske w gen refleksyon, kwayans, kilti, oswa pratik ki ka fè l difisil pou ou pou w jwenn oswa kenbe yon travay? Wi Non

21. Èske w gen yon bagay ki fè l difisil pou ou pou w jwenn oswa kenbe yon travay? Pa egzanp, èske w gen pwoblèm pou w jwenn gadri pandan w ap travay la, ou pa gen asirans maladi, ou pa gen ase manje pou w manje, ou gen yon manda pwoteksyon kont yon moun k ap menase w, ou enplike nan dosye fanmi nan tribinal, oswa w ap fè fas ak lòt sitiyasyon ki gen enpak sou sekirite w. Si wi, tanpri ekri oswa pataje sa ak anplwaye yo pou nou kapab ede w.

Mwen konfime mwen fè tout sa m konnen pou enfòmasyon mwen bay nan dokiman sa a se laverite e yo egzak.

Non an Majiskil: _____

Siyati: _____ Dat: _____ / _____ / _____